

Amicus - Analyz pou ede otorite Lajistis

Fich enfòmasyon

Jean-Claude Duvalier (Jan Klod Divalye) ka jije

16 janvye 2011, ansyen diktatè ayisyen an, Jean-Claude Duvalier, retounen nan peyi a apre 25 lane ekzil nan peyi Lafrans. Jounen jodi a, gen plent ki depoze kont li nan lajistis pou zak koripsyon, tantativ ansasinay, kidnaping, mete moun nan prizon an gwo ponyèt. Avoka li yo dekrete li ekzante devan lajistis pou zak ki te konmèt pandan 15 lane pouvwa li a.

Gwo piblisite fèt nan jounal ann Ayiti pou deplwòtonnen esplikasyon sa a ki ta vle fè kwè krim yo efase, akòz lwa 1986 la sou amnisti epi akòz atik 466 Kòd entriksyon kriminèl la (ki chita sou Dekrè 4 jiyè 1988) ki ekzante yon krim apre 10 zan. Dapre koze sa yo, lajistis peyi d Ayiti pa ta ka jije Jean-Claude Duvalier pou krim kont limanite .

Gen yon lòt pozisyon ki kenbe pou di, yo kapab e yo dwe jije Jean-Claude Duvalier ann Ayiti. Pozisyon sa a pi djanm, pase li chita ni sou lwa entènasyonal, ni sou lwa nasyonal. Òganizasyon Inisyativ pou lajistis (*Open Society Justice Initiative*) te lanse yon demach kote avoka divès peyi te mete ansanm pou analize an detay lwa ki gen arevwa ak dosye a. Dokiman sa a remèt bay otorite lajistis yo ann Ayiti. Non save dokiman sa a, se *Amicus (Amikis)*; ki vle di yon analiz sou lalwa ki vize ede otorite lajistis yo. Analiz sa a kanpe sou 5 pwen sa yo: Lwa entènasyonal valab ann Ayiti; Pa gen zafè amnisti, ni delè pou krim kont limanite; Gen moun ki denonse krim kont limanite yo viktim sou gouvènman Jean-Claude Duvalier a; Nan lalwa ann Ayiti gen krim ki ka konsider tankou krim kont limanite; Jean-Claude Duvalier reskonsab zak kriminèl Leta ayisyen konmèt.

Lwa entènasyonal valab ann Ayiti

Dapre Konstitisyon 1987 la ki an aplikasyon kounye a, lwa entènasyonal yo fè pati lwa peyi a. Lwa entènasyonal yo ekzije pou tout Leta mennen ankèt sou krim ki revolte konsyans limanite. Ayiti gen obligasyon pou rele chalbarik dèyè krim kont limanite, jan sa prevwa nan 2 trete entènasyonal enpòtan Ayiti ratifye, epi paske Ayiti se manm fondatè Nasyonzi ki rekonèt sèten prensip, epitou paske Konstitisyon peyi a mande sa.

Deske Ayiti pa siyen sèten trete entènasyonal, deske Ayiti pa rekonèt otorite Tribinal penal entènasyonal, sa pa gen enpòtans.

Pa gen zafè amnisti, ni delè pou krim kont limanite

Avoka Jean-Claude Duvalier yo dekrete li ilegal pou trenen kliyan yo devan lajistis kounye a. Sa ta ilegal akòz dizon atik 466 Kòd entriksyon kriminèl la (ki parèt an 1988), ki di apre 10 zan fin pase plent pa ka pote ankò pou yon krim. Men, dapre lwa entènasyonal yo, delè sa a pa valab pou krim kont limanite ki te fèt sou rejim Jean-Claude Duvalier a ; Sa ilegal, e sa pa ka dizon lalwa.

Krim kont limanite moun deklare yo te sibi sou rejim Jean-Claude Duvalier a

Deske krim yo te komèt nan lane 1970 ak 1980 yo, pa anpeche tribinal ann Ayiti gen konpetas pou jije yo. Depi nan epòk 1970 yo, divès tribinal nan lemond antye te dekrete pa gen paspouki pou kalite krim sa yo, dapre reèleman ki tabli nan lakoutim lalwa entènasyonal.

Depi nan lane 1970 dwa entènasyonal te dejà konsidere krim kont limanite pou sa yo ye a. Kidonk, zòt pa ka plede ap di Jean-Claude Duvalier pa t konnen lalwa te kondane zak sayo e ta kapab jije yo.

Ayiti te manm Nasyonzini lè Asanble jeneral la te adopte 5 Rezolisyon ki pale sou pinisyon pou moun ki komèt krim kont limanite. Kòm chèf Leta ayisyen, Jean-Claude Duvalier pa t ka pa gen konsyans sou sitiyoasyon an ; Li pa t ka pa konprann ke politik gouvènman li an t ap franchi baryè krim kont limanite, lè pouvwa a te chita sou fèmèn moun nan prizon pou rezon politik, ekzile moun an gwo ponyèt, fè ansasinay, òganize disparisyon opozan ak opozant, mete travo fòse oswa esklavaj an plas.

Nan lalwa ann Ayiti gen krim ki ka konsider tankou krim kont limanite

Dapre lalwa, pa gen anyen ki enpoze otorite lajistis yo akize Jean-Claude Duvalier kòm lotè krim ann Ayiti, epi demontre krim sa yo gen makfabrik krim kont limanite, lè w konsidere zak yo te rantre nan kad yon plan atak jeneral kont popilasyon sivil la. Sa tou vle di, ni lwa jiyè 1988, ni atik 466 Kòd enstriksyon kriminèl la, sou dele 10 zan pou yon krim efase a, pa gen anyen arevwa ak dosye a.

Jan Klod Divalye reskonsab move zak Leta ayisyen

Divalye pote 3 kalite reskonsabilite pou move zak ki te konmèt nan peyi a, jan sa di nan ti rafrechi memwa ki fèt anvan an.

Premyeman : Jean-Claude Duvalier reskonsab kòm « *lotè endirèk* », paske krim yo te fèt anndan yon aparèy Leta li t ap dirije, depi lajistis kapab montre rapò ki genyen an lòd yon chèf pase ak krim ki te konmèt yo.

Dezyèmman : Chay reskonsabilite kapab tabli dapre prensip « *reskonsabilite yon konplis* », lè yon chèf ankouraje ou byen patisipe nan yon zak kriminèl. Atik 45 Kòd penal ayisyen an di gen 3 kondisyon kote yo ka jije ou byen kondane you moun kòm konplis : premye kondisyon an, se yon move zak ki gen rapò ak krim nan, osnon krim nan limenm; Dezyèm kondisyon an, se yon zak konplisite anvan ou byen pandan krim nan ap fèt la; Twazyèm kondisyon an, se entansyon kriminèl ou byen patisipasyon ak tout konesans nan zak kriminèl la.

Twazyèmman, Jean-Claude Duvalier reskonsab pou krim yo akize l yo dapre prensip « *reskonsabilite kòm alatè* » ki tabli nan lakoutim dwa entènasyonal. Dapre prensip sa a, manm yon kòmandman militè ak tout lòt chèf an grad ki pa militè, pote reskonsabilite move zak solda oswa polisye ki sou zòd yo ; Lè yo te okouran ou byen yo ta dwe okouran ekzakasyon ki t ap komèt yo ; Lè yo yo pa t anpeche ekzakasyon yo fèt ; Lè yo pa t pini lotè ekzakasyon yo apre yo vin okouran move zak ki te komèt yo.

Konklizyon – Lajistis kapab jije Jean-Claude Duvalier

Ayiti gen kapasite ki nesesè pou jije krim kont limanite sou baz prensip Konstitisyon li a, epiou akòz obligasyon entènasyonal san kondisyon li genyen, dapre lwa penal entènasyonal ak lwa ki konsène dwa moun. Kidonk, se yon devwa pou Ayiti sèvi ak tout mwayen li genyen pou fè fas ak kesyon krim kont limanite a. Sa vle di, pou lajistis pouswv Jean-Claude Duvalier, jije li, epi kondane li si li jwenn li koupab.

Si Ayiti pa ka fè sa, li dwe ekstrade Jean-Claude Duvalier, ki vle di voye l ale nan yon lòt peyi ki pare pou jije krim kont limanite. Nan ka Jean-Claude Duvalier a, pa gen delè, ni amnisti, ni prensip dwa ki enpoze reskonsab lajistis yo, tankou Jij enstriksyon ak Komisè gouvènman, rekonèt Ayiti gen lwa ki pèmèt tribinal yo tabli sou krim kont limanite ki konsène Jean-Claude Duvalier.